


Dòmi Tankou Yon Ti Bebe - Yon Lis Prekosyon

- ✓ Asire w ke bèso nòmal, bèso a woulèt, oswa bèso pòtab ti bebe a pa andomaje ak satisfè estanda Komisyon Sekirite Pwodwi Konsomatè yo (www.cpsc.gov).
- ✓ Mete bèso nòmal, bèso a woulèt, oswa bèso pòtab ti bebe a tou pre kabann paran oswa moun kap veye sou li a pandan premye ane nan lavi l.
- ✓ Mete ti bebe a kouche sou do. Dòmi sou vant oswa sou kote ogmante risk pou li toufe.
- ✓ Di tout moun ki ap pran swen ti bebe a ki fason pou pwoteje l pandan lap dòmi.
- ✓ Asire w ke matla ti bebe a fèm, plat, epi byen chita nan kwen bèso a.
- ✓ Asire w ke dra ti bebe a byen kouvri matla a epi itilize sèlman matla ki vini ak bèso a.
- ✓ Asire w ke zòn kote ti bebe a ap dòmi an lwen tout kòd oswa kab ki lach (tankou kòd pou mare, fil elektrik, ak rad).
- ✓ Ofri ti bebe w la yon sison (pa janm bal yon bibon) lè w mete l kouche pou l dòmi. Ou pa sipoze remete sison an nan bouch ti bebe a si li sòti tonbe pandan l ap dòmi. Si ti bebe a pa vle sison an, pa fòse li epi pa janm fè anyen pou fòse l kenbe sison an an plas. Si l ap tete, pa itilize yon sison anvan li gen plis ke yon mwa.
- ✓ Okipe ti bebe w la lè li kriye pandan nwit lan.
- ✓ Pa itilize onkenn pwodui pou dòmi ki pa t kòmèsyalize espesifikman pou somèy menm. Pwodui ki fèt pou timoun nan chita (tankou syèj machin, pousèt, ti chèz balansin, pòt bebe, twal ki fèt pou pot bebe) pa rekòmande pou li dòmi.
- ✓ Evite ekspoze ti bebe a lafimen, alkòl oswa dwòg.
- ✓ Kenbe tanperati chanm ti bebe a ap dòmi an konfòtab nan nivo tanperati pou yon granmoun ki abiye trè lejè pou evite ti bebe a twò cho.
- ✓ Toujou kenbe bibon an lè wap nouri ti bebe a, paske kite bibon an anplas poukонт li ka lakòz ti bebe a toufe epi pètèt menm mouri.
- ✓ Mete amizman ki pann nan kòd pou ti bebe yo lwen li yon fwa li aprann chita.
- ✓ Bese matla ti bebe a lè li aprann chita, epi ankò lè li aprann kanpe pou anpeche ti bebe a tonbe sot nan bèso a.

Pa Pran Risk!

- 🚫 Li reprezante yon danje pou w mete nenpòt bagay sou kabann ti bebe w la tankou lenn an po mouton, nounous, kousen pou fè tèt kabann nan pi wo, zòrye, jwèt pou konsole l, lenn epè oswa kousen ki fèt pou mete arebò bèso a.
- 🚫 Li reprezante yon danje pou kite ti bebe w la dòmi sou yon kabann granmoun, matla van, beanbag, chèz detant, kanape, kabann dlo, oswa nenpòt lòt mèb ki pa fèt pou ti bebe.



 **Prevent Child Abuse**
Florida™


THE
Ounce of Prevention Fund
OF FLORIDA

 **United**
Healthcare
Community Plan

Pou plis enfòmasyon sou devlopman timoun ki ansante ak kijan pou yo byen dòmi, vizite PreventChildAbuseFL.org oswa **eskane kòd QR la**.